

**Deklarasyon Fado OMB** Fado rapò piblik pou koleksyon enfòmasyon sa a estime an mwayèn a 0.25 èdtan, ki gen ladan lè pou kolekte, revize, ak rapòte done yo. Yo ap kolekte enfòmasyon sa yo jan 24 CFR 983.256(b)(3) egzije sa, ki dapre li afèmaj ant pwopriyete a ak lokatè a dwe enkli yon adendòm lokasyon HUD egzije. Yo pa bay asirans konfidansyalite nan kad koleksyon sa a. Voye kòmantè konsènan estimasyon fado sa a oswa nenpòt lòt aspè koleksyon enfòmasyon sa a, san bliye sijesyon pou redui fado sa a, nan Office of Public and Indian Housing, US. Department of Housing and Urban Development, Washington, DC 20410. HUD kapab fè ak sponnsorize, epi yon moun pa oblije reponn, yon koleksyon enfòmasyon sof si koleksyon an montre yon nimewo kontwòl valid.

**Avi Konfidansyalite:** Department of Housing and Urban Development (HUD) otorize pou kolekte enfòmasyon 24 CFR 983.256(b)(3) egzije nan fòmilè sa a. Enfòmasyon sa yo sèvi pou bay yon èd PBV dapre atik 8 la sou fòm peman èd pou lojman. Done Enfòmasyon Pèsonèlman Idantifyab (PII) ki kolekte nan fòmilè sa a pa estoke oswa rekipere nan yon sistèm anrejistreman.

### **Enstriksyon pou itilizasyon Adendòm Lokasyon:**

Adendòm lokasyon sa a sèvi nan pwogram kupon ki baze sou pwojè (PBV) dapre atik 8 la. Nan kad pwogram nan, HUD bay lajan a yon ajans lojman piblik (PHA) pou sibvansyon lokasyon nan non fanmi ki kalifye yo. Prensipal regleman pou pwogram sa a se 24 Code of Federal Regulations Part 983.

Adendòm lokasyon an gen de pati:

Pati A: Enfòmasyon sou Adendòm Lokasyon an (ranplisaj). Gade enstriksyon seksyon pa seksyon yo.

Pati B: Adendòm lokasyon (okenn enfòmasyon pa antre nan pati sa a).

### **Kijan pou ranpli Pati A a - Enstriksyonseksyon pa seksyon:**

#### **Seksyon 2: Lokatè**

Antre non konplè Lokatè a.

#### **Seksyon 3. Apatman Kontraktiyèl**

Antre adrès apatman an, mete nimewo apatman, si genyen.

#### **Seksyon 4. Manm Fwaye yo**

Antre non konplè manm fwaye PHA apwouve yo. Presize si moun sa a se yon èd rezidan, sa vle di yon moun PHA apwouve pou rezide nan apatman an pou bay sèvis sipò a yon manm fanmi an ki se yon moun andikape.

#### **Seksyon 5. Dire Afèmaj Inisyal la**

Antre premye dat ak dènye dat dire afèmaj inisyal la. Dire afèmaj inisyal la dwe pou yon ane pou pi piti. 24 CFR § 983.256(f).

#### **Seksyon 6. Lwaye Inisyal a Pwopriyete a**

Antre montan lwaye ki peye chak mwa a pwopriyete a pandan dire afèmaj inisyal la.

#### **Seksyon 7. Lwaye Lokatè Inisyal**

Antre montan inisyal lwaye lokatè a pamwa.

#### **Seksyon 8. Peman ÈdLojman**

Antre montan inisyal peman èd lojman pa mwa.

#### **Seksyon 9. Sèvis Piblik ak Aparèy Elektwomenaje**

Kontra a dwe presize ki sèvis piblik ak aparèy elektwomenaje pwopriyete a dwe bay, ak ki sèvis piblik ak aparèy elektwomenaje lokatè a dwe bay. Ranpli seksyon 9 la pou montre kiyès ki responsab pou bay oswa peye pou sèvis piblik ak aparèy elektwomenaje yo.

**Pati A Adendòm Lokasyon an**

(Metete tout enfòmasyon nan Pati A a.)

1. **Kontni Adendòm Lokasyon an**  
Adendòm Lokasyon sa a gen de pati:

Pati A: Enfòmasyon sou Adendòm Lokasyon an

Pati B: Adendòm Lokasyon an

2. **Lokatè a**

3. **Kontra Apatman an**

4. **Fwaye**

Moun sa yo ka rezide nan apatman an. Yo pa ka ajoute lòt moun nan fwaye a san apwobasyon ekri preyalab pwopriyetè a ak PHA.

5. **Dire Afèmaj Inisyal la**

Afèmaj inisyal la kòmanse nan dat (jj/mm/aaaa): \_\_\_\_\_

Dire afèmaj inisyal la fini nan dat (jj/mm/aaaa): \_\_\_\_\_

6. **Montan Lwaye Inisyal pou Pwopriyetè a**

Montan lwaye inisyal pou pwopriyetè a se: \$ \_\_\_\_\_

7. **Montan Lwaye Inisyal Lokatè a**

Montan lwaye inisyal lokatè a se: \$ \_\_\_\_\_ pa mwa. Montan lwaye lokatè a sijè a chanjman pa PHA a pandan dire afèmaj la annakò avèk egzijans HUD yo.

8. **Peman Èd Lojman Inisyal la**

Nan kòmansman dire kontra Peman Èd Lojman an (HAP), montan peman èd lojman PHA fè bay pwopriyetè a se: \$ \_\_\_\_\_ pa mwa. Montan peman èd lojman PHA fè bay pwopriyetè a pa mwa sijè a chanjman pandan dire kontra HAP a annakò avèk egzijans HUD yo.

## 9. Sèvis Piblik ak Aparèy Elektwomenaje

Pwopriyete a dwe bay oswa peye pou sèvis piblik ak aparèy elektwomenaje ki endike anba a pa yon “O”. Lokatè a dwe bay oswa peye pou sèvis piblik ak aparèy elektwomenaje ki endike anba a pa yon “T”. Sof si yo presize l otremman anba a, pwopriyete a dwe peye pou tout sèvis piblik ak aparèy elektwomenaje pwopriyete a bay.

Atik	Presize tip gaz			Peye pa
Chofaj	<input type="checkbox"/> Gaz natirèl	<input type="checkbox"/> Gaz nan boutèy <input type="checkbox"/> Lwil osswa Elektrisite	<input type="checkbox"/> Chabon oswa Lòt	
Kwizin	<input type="checkbox"/> Gaz natirèl	<input type="checkbox"/> Gaz nan boutèy <input type="checkbox"/> Lwil oswa Elektrik	<input type="checkbox"/> Chabon oswa Lòt	
Chofaj Dlo	<input type="checkbox"/> Gaz natirèl	<input type="checkbox"/> Gaz nan boutèy <input type="checkbox"/> Lwil oswa Elektrik	<input type="checkbox"/> Chabon oswa Lòt	
Lòt Elektrisite				
Dlo				
egou				
Ramasaj Fatra				
ÈKondisyone				
Refrijeratè				Founi pa
Fou/Mikwo-ond				
Lòt (presize)				

Mwen/Nou, ki siyen anba a, sètifye avèk risk sanksyon pou fo temwayaj ke enfòmasyon ki bay anwo a se verite epi yo kòrèk. AVÈTISMAN: Nenpòt moun, ki avèk konsyans li, soumèt yon fo reklamasyon oswa fè yon fo deklarasyon, sijè a sanksyon penal ak/oswa sivil, ki gen ladan detansyon pandan jiska 5 ane, amann, ak sanksyon administratif ak sivil. (18 U.S.C. §§ 287, 1001, 1010, 1012; 31 U.S.C. §3729, 3802).

### Siyati:

#### Pwopriyete

\_\_\_\_\_  
 Ekri an lèt detache oswa tape  
 NonPwopriyete a

\_\_\_\_\_  
 Siyati

\_\_\_\_\_  
 Ekri an lèt detache oswa Tape Non Siyate a

\_\_\_\_\_  
 Dat

#### Lokatè

\_\_\_\_\_  
 Ekri an lèt detache oswa tape Non reprezantan Fanmi an

\_\_\_\_\_  
 Siyati

\_\_\_\_\_  
 Ekri an lèt detache oswa tape Non reprezantan Fanmi an

\_\_\_\_\_  
 Dat

## **Pati B Adendòm Lokasyon an**

### **1. Seksyon 8 Pwogram Koupon ki aze sou Pwojè (PBV)**

- a. Pwopriyetè a lwe apatman kontraktyèl la bay lokatè a pou fanmi lokatè a okipe li avèk èd pou lokasyon dapre Atik 8 la nan kad Pwogram PBV Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) Etazini.
- b. Pwopriyetè a siyen yon Kontra Peman Èd pou Lojman (kontra HAP) avèk ajans lojman piblik la (PHA) na kad pwogram PBV a. Dapre kontra HAP a, PHA ap fè peman èd lojman bay pwopriyetè a pou ede lokatè lwe apatman an nan men pwopriyetè a.

### **2. Kontra**

- a. Pwopriyetè a te bay PHA yon kopi kontra a, ansanm ak tout revizyon pwopriyetè ak lokatè a konsanti. Pwopriyetè a sètifye ke dire kontra a annakò avèk egzijans HUD epi kontra a gen ladan adendòm lokasyon an.
- b. Lokatè a dwe gen gendwa pou aplike adendòm lokasyon an kont pwopriyetè a. Si gen konfli ant adendòm lokasyon an ak nenpòt lòt dispozisyon kontra a, se tèm adendòm lokasyon an kap domine.

### **3. Itilizasyon Apatman Kontraktyèl la**

- a. Pandan dire afèmaj la, fanmi an ap rezide nan apatman kontraktyèl ki gen èd la nan kad pwogram PBV a.
- b. PHA dwe apwouve konpozisyon fwaye a. Fanmi an dwe enfòmè PHA tousuit sou nesans, adopsyon oswa gad yon timoun tribinal akòde. Yo pa ka ajoute lòt moun nan fwaye a san apwobasyon ekri preyalab pwopriyetè a ak PHA.
- c. Se sèlman manm fwaye PHA apwouve ki ka itilize apatman kontraktyèl la pou rezidans. Apatman dwe sèl rezidans fanmi an. Manm fwaye a ka angaje nan aktivite likratif legal ki lye a itilizasyon prensipal apatman an pou rezidans pa manm fanmi an.
- d. Lokatè a pa kapab soulwe oswa sede apatman an.
- e. Lokatè pa kapab sede oswa transfere apatman an.

### **4. Lwaye pou Pwopriyetè a**

- a. Lwaye inisyal ak lwaye redetèmine a pwopriyetè a etabli annakò avèk egzijans HUD yo.
- b. Pandan dire afèmaj la (ansanm ak dire inisyal afèmaj la ak nenpòt pwolongasyon dire a), lwaye a pwopriyetè a pa ka depase a oken moman:
  - (1) Lwaye rezonab pou apatman an jan li te detèmine oswa redetèmine dènye fwa pa PHA annakò avèk egzijans HUD yo, oswa
  - (2) Lwaye pwopriyetè a chaje pou apatman konparab an ki pa gen èd nan lokal yo.

## 5. Peman Fanmi an a Pwopriyetè a

- a. Lwaye lokatè a se pòsyon lwaye fanmi an peye chak mwa bay pwopriyetè a. PHA detèmine lwaye lokatè a annakò avèk egzijans HUD yo. Tout chanjman nan montan lwaye lokatè a pral efektif nan dat ki endike nan avi PHA a bay fanmi an ak pwopriyetè a.
- b. Chak mwa, PHA pral fè yon peman èd lojman a pwopriyetè a nan non fanmi an annakò avèk kontra HAP a. Montan peman èd pou lojman an chak mwa pral detèmine pa PHA annakò avèk egzijans HUD yo pou yon lokasyon nan kad pwogram PBV dapre Atik 8 la.
- c. Peman èd chak mwa pou lojman an dwe dedui nan lwaye ki peye chak mwa a pwopriyetè apatman kontraktiyèl la.
- d. Lokatè a pa responsab pou peye pwopriyetè a pòsyon lwaye ki kouvri pa peman èd pou lojman an dapre kontra HAP ant pwopriyetè a ak PHA. Si PHA pa reyisi peye pwopriyetè a èd pou lojman an se pa yon vyolasyon kontra a. Pwopriyetè pa ka mete fen nan lokasyon an pou nonpeman èd pou lojman PHA a.
- e. Pwopriyetè a pa ka chaje oswa aksepte, nan men fanmi an oswa nan men okenn lòt sous, okenn peman pou lwaye apatman an anplis de lwaye ki peye bay pwopriyetè a. Lwaye ki peye bay pwopriyetè a gen ladan tout sèvis lojman yo, antretyen, sèvis piblik ak aparèy elektwomènaje pwopriyetè a dwe peye annakò avèk kontra a. Lwaye ki peye bay pwopriyetè a pa enkli chaj pou sèvis ki gen rapò ak lojman tankou manje, mèb, oswa sèvis sipò pwopriyetè a bay.
- f. Pwopriyetè a dwe retounen imedyatman sipli peman an baylokatè a.

## 6. Lòt Frè ak Chaj

- a. Aleksepsyon fanmi ki resevwa èd PBV nan lojman ki gen èd yo (gade paragraf b. a anba a) pwopriyetè a pa ka mande lokatè a oswa manm fanmi an peye chaj pou okenn repa oswa sèvis sipò pwopriyetè a ka bay. Nonpeman chaj sa yo pa rezon pou mete fen nan lokasyon an.
- b. Nan lojman asiste ki resevwa èd ki baze sou pwojè yo, pwopriyetè a ka chaje lokatè yo, manm fanm fanmi yo, oswa toulede pou repa oswa sèvis sipò. Nenpòt nan chaj sa yo dwe presize nan kontra a Chaj sa yo pa ka enkli nan lwaye yo peye pwopriyetè a, ni pri repa yo ak sèvis sipò yo pa ka enkli nan kalkil lwaye rezonab la. Non-peman chaj sa yo se rezon pou pwopriyetè lojman ki gen èd la mete fen nanafèmaj la.
- c. Pwopriyetè a pa ka chaje lokatè a montan siplemantè pou atik ki abityèlman enkli nan lwaye yo peye pwopriyetè nan lokalite a, oswa yo bay lokatè ki pa sibvansyon nan lokal yo san sa pa koute anyen anplis..

## 7. Antretyen, Sèvis Piblik ak Lòt Sèvis

- a. Antretyen
  - (1) Pwopriyetè a dwe fè antretyen apatman an ak lokal yo annakò avèk HQS la.
  - (2) Antretyen ak ranplasman (san bliye renovasyon) dwe annakò avèk pratik estanda pou bilding ki konsène a jan sa etabli pa pwopriyetè a.
- b. Sèvis Piblik ak Aparèy Elektwomènaje
  - (1) Pwopriyetè a dwe bay tout sèvis piblik ki nesèsè pou l konfòme l avèk HQS la.

(2) Pwopriyetè a pa responsab pou vyolasyon HQS la ki koze pa lokatè a kipa:

(a) Peye pou tout sèvis piblik lokatè dwe peye.

(b) Bay ak fè antretyen tout aparèy elektwomènaje lokatè abay.

c. Domaj Fanmi an Koze. Pwopriyetè a pa responsab pou vyolasyon HQS la akòz domaj ki pa nan kad itilizasyon ak epuizman nòmral ki koze pa nenpòt manm fwaye a oswa yon vizitè.

d. Sèvis Lojman. Pwopriyetè a dwe bay tout sèvis lojman yo jan li konsanti l nankontra a.

## 8. Fen Lokasyon an pa Pwopriyetè a

a. Egzijans yo. Pwopriyetè a ka mete fen nan lokasyon an sèlman annakò avèk kontra a ak egzijans HUD yo.

b. Rezon yo. Pandan dire afèmaj la, (dire inisyal afèmaj la oswa nenpòt pwolongasyon dire nan), pwopriyetè a ka mete fen nan lokasyon an sèlman akòz:

(1) Vyolasyon grav ak repetekontra a;

(2) Vyolasyon lwa Federal, Etatik, oswa lokal ki enpoze obligasyon a lokatè a ki gen rapò ak okipasyon oswa itilizasyon apatman an ak lokal yo;

(3) Aktivite kriminel oswa abi alkòl (jan sa prevwa nan paragraf c a); oswa

(4) Lòt rezon valab (jan sa prevwa nan paragraf d).

c. Aktivite Kriminel oswa Abi Alkòl

(1) Pwopriyetè a ka mete fen nan lokasyon an pandan dire afèmaj la si yon manm fwaye a, yon vizitè oswa yon lòt moun ki anba kontwòl rezidan an komèt nenpòt nan tip zak kriminel sa yo:

(a) Tout aktivite kriminel ki menase sante oswa sekirite; oswa dwa a jwisans peviz lokal yo pa, lòt rezidan (san bliye pèsonel jesyon pwopriyete a ki rezide nan lokal yo).

(b) Tout aktivite kriminel ki menase sante oswa sekirite, oswa dwa a jwisans peviz rezidans yo pa, moun ki rezide nan vwazinaj imedya lokal yo;

(c) Tout aktivite kriminel vyolan nan oswa toupre lokal yo; oswa

(d) Tout aktivite kriminel ki gen rapò ak dwòg nan oswa toupre lokal yo.

(2) Pwopriyetè a ka mete fen a lokasyon an pandan dire afèmaj la si yon manm fwaye a ap:

(a) kouri pou pèsikasyon, oswa anprizònman oswa detansyon apre kondanasyon pou yon krim, tantativ pou komèt yon krim, ki se yon krim dapre lwa kote moun nan pran lafuit la, oswa ki, nan ka Eta New Jersey, se yon deli grav; oswa

(b) Vyolasyon yon kondisyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl dapre lwa Eta a.

(3) Pwopriyetè a ka mete fen nan lokasyon an pou aktivite kriminel pa yon manm fwaye a annakò avèk seksyon sa a si pwopriyetè a detèmine manm fwaye a te komèt zak kriminel la, kit manm fwaye a te arete oswa kondane pou zak sa a.

(4) Pwopriyetè a ka mete fen nan lokasyon an pandan dire afèmaj la si yon manm fwaye angaje nan abi alkòl ki menase sante, sekirite oswa dwa a jwisans pezig lokal yo pa rezidan yo.

d. Lòt rezon Valab pou Mete Fen nan Lokasyon an

(1) Pandan dire afèmaj inisyal la, lòt rezon valab pou mete fen nan lokasyon an dwe yon bagay fanmi te fè oswa pa te fè.

(2) Pandan dire inisyal afèmaj la, lòt rezon valab la gen ladan:

(a) Pètibe vwazen,

(b) Destriksyon byen, oswa

(c) Abitid vi oswa antretyen menaje ki lakoz domaj nan apatman an oswa lokal yo.

(3) Apre dire afèmaj inisyal la, rezon valab sa a gen ladan omisyon lokatè a pou aksepte òf pwopriyetè a pou yon nouvo afèmaj oswa revizyon.

e. Renouvèlman Otomatik Kontra a

Byenke kontra a renouvle otomatikman (pou dire defini siksesif pou yon pwolongasyon endefini dire a, jan sa prevwa nan kontra a) yon pwopriyetè ka mete nan kontra a pou rezon valab.

f. Pwoteksyon pou Viktim Vyolans Domestik, Vyolans nan Frekantasyon, Vyolans Seksyèl, oswa Asèlman.

(1) Bi: Seksyon sa a gen ladan pwoteksyon pou viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, vyolans seksyèl, oswa asèlman annakò avèk sou-tit N Lwa 1994 sou Vyolans Kont Fanm, jan li amande a (kodifye jan li amande nan 42 U.S.C. 14043e et seq.) (VAWA) règleman aplikasyon nan 24 CFR pati 5, sou-pati L.

(2) Konfli avèk lòt Dispozisyon: Si ta gen yon konfli ant adizpozisyon sa a ak nenpòt lòt dispozisyon ki nan Pati C kontra HAP a, dispozisyon sa a dwe domine.

(3) Efè sou Lòt Pwoteksyon yo: Anyen nan seksyon sa a pa dwe entèprete pou ranplase okenn dispozisyon lwa federal, etatik, oswa lokal ki bay plis pwoteksyon pase seksyon sa a pou viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl oswa asèlman.

(4) DEfinisyon: Jan yo itilize nan seksyon sa a, tèm “menas reyèl ak iminan” “endividi afilye,” “bifikasyon,” “vyolans nan frekantasyon,” “vyolans domestik,” “agresyon seksyèl,” ak “asèlman” defini nan règleman HUD yo nan 24 CFR part 5, subpart L. Tèm “Fwaye” ak “Lòt Moun Anba ki Kontwòl Lokatè al” defini nan 24 CFR part 5, subpart A.

(5) Avi VAWA ak Fòmilè Sètifikasyon: PHA dwe bay lokatè a “Avi Dwa Okipasyon dapre VAWA” ak fòm sètifikasyon ki dekri dapre 24 CFR 5.2005(a)(1) ak (2).

(6) Pwoteksyon pou Viktim Vyolans Domestik, Vyolans nan Frekantasyon, Agresyon Seksyèl, oswa Asèlman:

(a) Mèt kay la oswa PHA a p ap refize lokatè a admisyon, refize lokatè a èd, mete fen nan patisipasyon lokatè a, oswa degèpi lokatè a sou baz oswa kòm konsekans dirèk zafè lokatè a viktim oswa te viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman, si lokatè a otreman kalifye pou admisyon, èd, patisipasyon oswa okipasyon. 24 CFR 5.2005(b)(1).

(b) Yo pa dwe refize lokatè a dwa pou l okipe oswa lwe sèlman sou baz angajman yon manm fwaye lokatè a oswa nenpòt vizitè oswa nenpòt lòt moun ki anba kontwòl li, nan aktivite kriminel, si aktivite kriminel la gen rapò dirèk avèk vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl oswa asèlman oswa yon moun ki afilye ak lokatè a se viktim nan oswa li te fè objè menas vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl oswa asèlman. 24 CFR 5.2005(b)(2).

(c) Youn oswa plizyè ensidan vyolans domestik ki reyèl oswa menas, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman pap entèprete kòm vyolasyon grav oswa repete afèmaj la pa viktim nan oswa moun ki viktim menas ensidan an. Ni ensidan sa a oswa ensidan sa yo pa dwe entèprete kòm lòt “rezon valab” pou mete fen nan afèmaj la, oswa dwa a lokasyon, oswa dwa a okipasyon viktim sa a oswa viktim ki menase a. 24 CFR 5.2005(c)(1) and (c)(2).

(7) Respè Òdonans Tribinal yo: Anyen nan Adendòm sa a pap limite otorite mèt kay la, lè li notifiye pa yon odonans tribinal, pou respekte òdonans tribinal la nan sa ki konsène dwa daksè oswa kontwòl pwopriyete (ki gen ladan òdonans pwoteksyon sivil ki emèt pou pwoteje yon viktim kont vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman) oswa nan sa ki konsène distribisyon oswa posèsyon pwopriyete pami manm fwaye lokatè a. 24 CFR 5.2005(d)(1).

(8) Vyolasyon ki pa Fonde sou vyolans Domestik, Vyolans nan Frekantasyon, Agresyon Seksyèl, oswa Asèlman: Anyen nan seksyon sa pa dwe entèprete pou limite okenn otorite mèt kay la ki otreman disponib pou degèpi oswa otorite lojman piblik la pou mete fen nan èd yon lokatè pou yon vyolasyon ki pa fonde sou yon zak vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman ki an kesyon kont lokatè a oswa yon moun ki afilye ak lokatè a. Sepandan, mèt kay la oswa PHA pap soumèt lokatè, ki oswa te yon viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman, a yon estanda ki pi egzijan pase lòt lokatè yo nan detèmine si pou degèpi lokatè a oswa mete fen nan èd la. 24 CFR 5.2005(d)(2).

(9) Menas Reyèl oswa Iminan:

(a) Anyen nan seksyon sa a p ap entèprete pou limite otorite mèt kay la pou degèpi lokatè a si mèt kay ka demontre ke yon “menas reyèl oswa iminan” tap prezan pou lòt lokatè yo oswa moun ki se anplwaye nan oswa ki ap bay sèvis a pwopriyete si lokatè a oswa okipan legal la pa degèpi. Nan kontèks sa a, mo, jès, aksyon, oswa lòt endikatè pral entèprete kòm yon menas reyèl ak iminan si yo reponn a kritè ki annapre pou yon menas reyèl ak iminan. “Menas reyèl ak iminan” vle di yon danje fizik ki reyèl tap rive nan yon limit tan imedyata, epi li ta ka koz lanmò oswa prejidi kòporèl grav. Nan detèmine si yon moun ta poze yon menas reyèl ak iminan, faktè pou w konsidere yo gen ladan yo: dire risk la, nati ak gravite prejidi potansyèl la, pwobablite pou prejidi potansyèl la rive, ak kantite tan anvan prejidi potansyèl ta rive. 24 CFR 5.2005(d)(3).

(b) Si yo demontre menas reyèl ak iminan, degèpisman an ta dwe sèvi sèlman lè pa gen lòt aksyon ki ta ka poze pou redui oswa elimine menas la, ki gen ladan, men pa sèlman, transfere viktim nan nan yon lòt apatman, entèdi agresè a aksè a pwopriyete a, kontakte fòs lòd yo pou ogmante prezans lapolis, devlope lòt plan pou kenbe pwopriyete an sekirite, oswa chèche lòt rekou jiridik pou anpeche agresè a aji sou yon menas. Restriksyon ki fonde sou sekirite piblik pa ka baze sou estereyotip, men yo dwe adapte a enkyetid patikilye konsènan rezidan yo. 24 CFR 5.2005(d)(4).

(10) Transfè Annijans: Yon lokatè ki viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman ka mande yon transfè annijans annakò avèk plan transfè annijans PHA a. 24 CFR 5.2005(e). Plan transfè ijans PHA a, ki dwe rann disponib sou demann, dwe:

(a) Enkòpore mezi konfidansyalite estrik pou asire PHA a pa montre kay yon lokatè a yon moun ki te komèt oswa menase pou komèt yon zak vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman kont lokatè a;



(b) Bay viktim priyorite pou benefisyè pwochen opòtinite ki disponib la pou èd pou lokasyon kontinyèl ki baze sou lokatè si l ap viv nan apatman PBV a depi yon ane oswa plis. 24 CFR 983.261;

(c) Dekri politik oswa efò yon PHA ap fè viktim nan ap viv nan apatman depi mwens pase yon ane, oswa viktim nan ap chèche demenaje anvan gen yon kupon disponib pou lokatè.

(d) Pou transfè kote lokatè a pa ta konsidere kòm yon nouvo aplikan, PHA a dwe asire ke yon demann transfè annijans resevwa, ominimòm, tout priyorite adisyonèl aplikab ke yo deja akòde a lòt tip demann transfè annijans. Pou transfè kote lokatè a ta konsidere kòm yon nouvo aplikan, plan an dwe gen ladan politik pou ede yon lokatè avèk yon transfè.

(11) Bifikasyon: Sou rezèv egzijans oswa pwosedi pou mete fen a yon afèmaj, ke lalwa Federal, Etatik oswa lokal preskri, si yon manm fwaye lokatè a angaje nan aktivite kriminel ki gen rapò dirèk avèk vyolans domestik, agresyon seksyèl, oswa asèlman, mèt kay la kapab “bifike” afèmaj la oswa retire manm fwaye sa a nan afèmaj la, san konsidere si manm fwaye a se yon siyatè nan afèmaj la, pou degèpi, retire, oswa mete fen a dwa okipasyon manm fwaye sa a san degèpi, retire, oswa penalize viktim aktivite kriminel la ki se tou yon lokatè oswa yon okipan legal. Degèpisman sa a, retrè sa a, fen dwa okipasyon an, oswa fen èd la dwe fèt annakò avèk pwosedi ki preskri pa lwa Federal, Etatik, ak lokal pou fen afèmaj oswa èd nan kad pwogram Kupon Chwa Lojman an. 24 CFR 5.2009(a). Si mèt kay bifike Afèmaj la pou degèpi, retire, oswa mete fen nan asistans pou yon manm fwaye a, epi manm fwaye sa a se sèl lokatè ki elijib pou resevwa èd, mèt kay la dwe bay tout lokatè oswa rezidan ki rete yo yon peryòd 30 jou kalandriye apati dat bifikasyon afèmaj la pou:

(a) Etabli elijiblite pou menm pwogram lojman ki kouvri a kote lokatè eskpilse oswa ki gen afèmaj li kanpe a te benefisyè èd nan moman bifikasyon afèmaj la.

(b) Etabli elijiblite nan kad yon lòt pwogram lojman ki kouvri; oswa;

(c) Jwenn lojman altènatif.

(12) Fanmi Kraze: Si fanmi an kraze akòz vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman, PHA a ka ofri viktim nan opòtinite èd lokasyon ki baze sou lokatè.

(13) Demenaje avèk Èd Kontinyèl: Ajans lojman piblik la ka pa mete fen nan èd pou yon fanmi oswa manm fanm fanmi ki demenaje nan apatman an an vyolasyon afèmaj la, avèk oswa san notifikasyon preyalab a ajans lojman an, if:

(a) Demenajman an te nesèsè pou pwoteje sante oswa sekirite fanmi an oswa manm fanmi ki se oswa te viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman; epi

(b) Fanmi an oswa manm fanmi an rezonabeman kwè yo te menase pa prejidi iminan lòt zak vyolans si li te rete nan apatman an. Sepandan, nenpòt manm fanmi ki te viktim yon agresyon seksyèl ki te rive nan lokal yo pandan peryòd 90 jou kalandriye anvan demenajman oswa demann fanmi an pou demenaje, li pa nesèsè pou kwè li te menase pa prejidi iminan lòt zak vyolans si li te rete nan apatman an. 24 CFR 983.261.

(15) Konfidansyalite:

(a) Mèt kay la dwe kenbe an sekre tout enfòmasyon Lokatè a (oswa yon moun k ap aji nan non Lokatè a) soumèt bay mèt kay la konsènan ensidan vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyèl, ki gen ladan zafè lokatè se yon viktim vyolans domestik, vyolans nan frekantasyon, agresyon seksyon seksyèl, oswa asèlman.

(b) Mèt kay la pa dwe pèmèt okenn moun ki ap administre èd nan non li, oswa okenn moun ki se anplwaye li, gen aksè a enfòmasyon konfidansyèl sof si Mèt kay la eksplisitman otorize sa pou rezon ki espesifikman mande pou moun sa yo gen aksè a enfòmasyon yo an konfòmite avèk lwa Federal, Etatik, oswa lokal.

(c) Mèt kay la pa dwe antre enfòmasyon konfidansyèl nan okenn baz done pataje oswa divilge enfòmasyon sa yo bay okenn lòt antite oswa moun sof nan mezi moun nan mande oswa konsanti divilgasyon sa a alekri nan kad yon divilgasyon a tan limite, epi li nesèsè pou itilizasyon nan pwosedi degèpisman; oswa lalwa aplikab egzije sa.

g. Degèpisman pa Aksyon Jidisyèl. Pwopriyetè a ka degèpi likatè a sèlman pa aksyon Jidisyèl.

h. Avi Rezon yo pa Pwopriyetè a

- (1) Nan oswa anvan kòmansman yon aksyon Jidisyèl pou degèpi lokatè a, pwopriyetè a dwe bay lokatè a avi ki presize rezon fen lokasyon an. Rezon sa a dwe enkli oswa konbine avèk nenpòt avi degèpisman pwopriyetè a.
- (2) Pwopriyetè a dwe bay PHA yon kopi nenpòt avi degèpisman pwopriyetè a nan menm moman pwopriyetè a notifye lokatè a.
- (3) Avi degèpisman an vle di yon avi pou kite, oswa yon plent oswa lòt pledwaye inisyal ki sèvi pou kòmanse yon aksyon degèpisman dapre lwa etatik oswa lokal.

## 9. Fen Èd pa PHA

PHA ka mete fen nan pwogram èd pou fanmi an pou rezon ki otorize annakò avèk egzijans HUD yo. Si PHA a mete fen nan pwogram èd pou fanmi an, afèmaj la pran fen otomatikman.

## 10. Afèmaj: Relasyon a Kontra HAP

Si kontra HAP a pran fen pou nenpòt rezon an, afèmaj la pran fen otomatikman.

Nan fen oswa ekspirasyon kontra HAP a san pwolongasyon, chak fanmi ki gen èd nan kad kontra a ka chwazi itilize èd li a pou rete nan menm pwojè a si apatman fanmi an satisfè egzijans enspeksyon yo, lwaye pou apatman an rezonab, epi fanmi an peye pati lwaye egzijib pa li epi montan an, si genyen, kote lwaye apatman an (ki gen ladan montan pou sèvis piblik ki baze sou lokatè) depase estanda peman aplikab la.

## 11. Dwa Fanmi an pou Demenaje

- a. Fanmi an ka mete fen nan afèmaj li a nenpòt ki lè apre premye ane okipasyon an. Fanmi an dwe bay pwopriyetè a preavi a alekri sou entansyon li pou kite (avèk yon kopi PHA) annakò avèk afèmaj la. Si fanmi an chwazi mete fen nan afèmaj la nan fason sa a, PHA dwe ofri fanmi opòtinite pou èd lwaye ki baze sou lokatè annakò avèk egzijans HUD.
- b. Anvan li bay avi pou mete fen nan afèmaj la dapre alineya a, fanmi an dwe dabò kontakte PHA pou asistans lokasyon ki baze sou lokatè si fanmi an swete demenaje avèk èd k ap kontinye. Si èd lwaye ki baze sou lokatè a

pa disponib imedyatman lè afèmaj la pran fen, PHA dwe bay fanmi an priorite pou resevwa pwochen opòtinite èd lwaye pou lokatè ki disponib la.

## 12. Depo Garanti

- a. Pwopriyetè a ka resevwa yon depo garanti nan men lokatè a. (Sepandan, PHA ka entèdi pwopriyetè a resevwa yon depo garanti depase tarif mache prive a, oswa ki depase montan pwopriyetè a chaje lokatè ki pa gen èd yo.)
- b. Lè fanmi an demenaje nan apatman kontraktyèl la, pwopriyetè, dapre lwa Etatik ak lokal, ka itilize depo sekirite a, ki enkli tout enterè sou depo a, tankou ranbousman pou nenpòt lwaye ki pa peye ke lokatè dwe peye, tout domaj nan apatman an oswa tout lòt montan lokatè a dwe nan kad afèmaj la.
- c. Pwopriyetè a dwe bay lokatè a yon lis tout atik ki chaje pou depo sekirite a, ak montan chak atik. Apre dediksyon montan, si genyen, ki sèvi pou ranbouse pwopriyetè a, pwopriyetè a dwe remèt imedyatman tout montan balans ki pa sèvi a bay lokatè a.
- d. Si depo sekirite a pa sifi pou kouvri montan lokatè adwe nan kad afèmaj la, pwopriyetè a ka resevwa balans lan nan men lokatè a.

## 13. Entèdiksyon Diskriminasyon

Annakò avèk lwa, estati, Dekrè ak règleman aplikab pou non-diskriminasyon ak egalite chans, pwopriyetè a pa dwe diskrimine kont pèsonn akòz ras, koulè, relijyon, sèks (ki enkli oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl), orijin nasyonal, laj, estati famiyal, oswa andikap konsènan afèmaj la. Elijiblite pou pwogram HUD yo dwe fèt san konsidere oryantasyon seksyèl resyèl oswa sa yo pèsevwa, idantite seksyèl, oswa kondisyon matrimonyal.

## 14. Konfli avèk Lòt Dispozisyon Kontraa

- a. Tèm adendòm afèmaj preskri pa HUD annakò avèk lwa ak règleman Federal, kòm kondisyon pou èd Federal pou lokatè a ak fanmi lokatè nan kad pwogram PBV a dapre Atik 8 la.
- b. Sizoka ta gen konfli ant dispozisyon adendòm lokasyon an jan HUD egzije sa, epi nenpòt lòt dispozisyon afèmaj la oswa nenpòt akò ant pwopriyetè a lokatè, egzijans adendòm lokasyon HUD fè yo dwe domine.

## 15. Chanjman nan Afèmaj la ak Lokasyon an

- a. Lokatè a ak pwopriyetè a pa ka fè okenn chanjman nan adendòm lokasyon an. Sepandan, si lokatè a ak pwopriyetè a antann yo sou nenpòt chanjman nan afèmaj la, chanjman sa yo dwe alekri, epi pwopriyetè a dwe bay PHA yon kopi chanjman sa yo imedyatman. Afèmaj la, ki enkli tout chanjman, dwe annakò avèk egzijans adendòm lokasyon yo.
- b. Pwopriyetè a dwe enfòm PHA alavans sou nenpòt chanjman ki pwopoze nan egzijans lokasyon ki reji pataj responsablite lokatè ak pwopriyetè pou sèvis piblik yo. Chanjman sa yo ka fèt sèlman si PHA apwouve yo annakò avèk tèm afèmaj la konsènan amannman li. PHA dwe redetèmine lwaye rezonab annakò avèk egzijans HUD, sou baz nenpòt chanjman pataj responsablite pou sèvis piblik ant pwopriyetè a ak lokatè a, epi lwaye rezonab redetèmine a dwe sèvi nan kalkil lwaye pou pwopriyetè a apati dat efektif chanjman an.

## 16. Avi Ekri

Nenpòt avi nan kad afèmaj la pa lokatè a pwopriyetè a dwe alekri.

## 17. Definasyon

**Apatman Kontraktyèl** Inite lojman ki lwe pa lokatè ki gen èd nan kad pwogram nan.

**Apatman Eksepte.** Yon apatman kontaktyèl nan yon bilding multifamilyal ki kontabilize nan plafon pa bilding èd PBV (25 apatman oswa 25 pousan apatman yo nan pwojè, selon montan ki plis la) (gade 24 CFR § 983.56(b)).

**Fanmi.** Moun ki ka rezide nan apatman ki gen èd la nan kad pwogram nan.

**Kontra HAP.** Kontra peman èd pou lojman ant PHA ak pwopriyetè a. PHA peye pwopriyetè èd pou lojman annakò avèk kontra HAP a.

**Fwaye.** Moun ki rezide nan apatman kontaktyèl la. Fwaye a konpoze ak fanmi an ak nenpòt èd rezidan PHA apwouve. (Yon èd rezidansyèl se yon moun ki rezide nan apatman an pou bay sèvis sipò ki nesèsè pou yon manm fanmi an ki se yon moun andikape)

**Estanda kalite lojman (HQS).** Estanda kalite minimòm HUD pou lojman ki gen èd nan kad pwogram ki baze sou lokatè yo dapre Atik 8 la

**HUD.** Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini.

**Egzijans HUD yo.** Egzijans HUD yo Seksyon 8 pwogram PBV a. Se katye jeneral HUD ki emèt egzijans HUD yo kòm règleman, avi Federal Register oswa lòt direktiv kontreman pwogram nan. Adendòm Afèmaj la dwe entèprete ak aplike annakò avèk egzijans HUD yo.

**Afèmaj.** Akò ekri ant pwopriyetè a ak lokatè a pou afèmaj apatman kontaktyèl la a lokatè a. Afèmaj la gen ladan adendòm lokasyon ki preskri pa HUD a.

**PHA.** Ajans Lojman Piblik.

**Lokal yo.** Bilding oswa konplèks kote apatman kontaktyèl la sitiye a, ki gen ladan espas komen ak teren yo.

**Pwogram** Pwogram kupon ki baze sou pwojè seksyon 8 la.

**Lwaye a pwopriyetè a.** Montan total pa mwa ki peyab a pwopriyetè a pou apatman kontaktyèl la. Lwaye a pwopriyetè a se sòm pati lwaye ki peyab pa lokatè a plis peman èd pou lojman PHA fè a pwopriyetè a.

**Seksyon 8.** Atik 8 Lwa 1937 sou Lojman Etazini (42 United States Code 1437f).

**Lokatè.** Manm fanmi (oswa manm yo) ki afème apatman an nan men pwopriyetè a.